VOL. 3 NO. 1 (2024)
ISSN: 2181-3132
YOSH TADQIQOTCHI JURNALI

# BYUDJET QARAJETLERIN BASQARIW NÁTIYJELILIGIN JETILISTIRIW MASHQALALARI

**Polatov Karamat**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, 2-kurs magistrant

**Аннотация:** Ушбу мақолада давлат бюджети маблағларидан самарали фойдаланишни таъминлаш йуллари хусусида сўз юритилади.

**Калит сўзлар**: солиқ, кичик бизнес, молия, даромад, бюджет, фоиз, шартнома, тажриба.

**Аннотация.** В данной статье говорится о способах обеспечения эффективного использования средств государственного бюджета.

**Ключевые слова:** налог, малый бизнес, финанс, доход, бюджет, процент, договор, опыт.

**Abstract.** This article talks about ways to ensure the effective use of state budjet funds.

**Key words:** tax, small business, finance, income, budget, interest, contract, experience

Byudjet qarjılarınan muwapıq paydalanıwǵa bolsa nátiyjeli qadaǵalaw sistemasın qáliplestirmesten turıp erisip bolmaydı. Belgili bolǵanınday, byudjet procesiniń tiykarǵı basqıshlarınan biri mámlekettiń finanslıq qadaǵalawı esaplanadı. Finanslıq qadaǵalaw mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan qadaǵalaw xızmetiniń strukturalıq bólimi esaplanadı. Ekonomikası rawajlanǵan xesh bir mámleket joq, finans tarawında mámlekettiń qadaǵalaw shólkemleri bar bolmaǵan. Finanslıq qadaǵalaw instituti mámlekettiń qadaǵalaw shólkemleriniń ulıwma dúzilisin ózinde jámlestiredi hám finanslıq mexanizmniń tiykarǵı elementi sıpatında kórinedi. Ekonomikanı erkinlestiriw sharayatında mámleketlik byudjet esabınan qarjı menen támiynlenetuǵın tarmaqlarda ekonomikalıq reformalardı tereńlestiriw, byudjet qarjılarınan nátiyjeli paydalanıwdıń qadaǵalawın jetilistiriw bugungi kúnde aktual máselelerden biri esaplanadı.

Finans, byudjet, salıq tártibine jeterli dárejede ámel qılınbay atırǵanlıǵı hám byudjet qarjılarınan maqseciz paydalanılıwında kóp sanlı halatlardıń bar bolıwı barlıq mámleketlerde mámlekettiń finanslıq qadaǵalawın kúsheytiwdiń zárurligin kórsetpekte. Álbette, byudjet qarjıların sarplawda byudjetten sarplanatuǵın qarajetlerdiń sheklengenligi, byudjet deficitiniń bar bolıwı, byudjette sociallıq tarmaqlardan tısqarı basqa qarajetlerge xalıqtı sociallıq jaqtan

qorǵaw, ekonomika tarawlarınıń teńsalmaqlı rawajlanıwın támiynlew, mámlekettiń qorǵanıw qábiletin bekkemlewge ham zárúrlikti esapqa alıwımız kerek boladı [1].

Byudjet qarjıların sarplawda jol qoyılıp atırǵan qáte hám kemshiliklerdiń kelip shıǵıw sebebi finans hámde qadaǵalaw reviziya mekemeleri islewshileriniń olar aldına qoyılǵan tiykarǵı wazıypa-byudjet tártibine ámel qılıwdı támiynlewge juwapkershilik penen qarawdı talap etedi. Byudjet shólkemleriniń qarajetler smetası orınlanıwı tereń analiz qılınıwı, talap dárejesinde qadaǵalaw ornatılıwı, byudjet shólkemlerinde qarjılardı maqsetli sarplaw haqqında keń sheńberdegi túsinik isleri jeterli dárejede alıp barılıwı lazım.

Byudjet shólkemleriniń qarajetleriniń úlken bólimin kommunal xızmet haqıları da iyeleydi hám olar menen shártnamalardı anıq, tuwrı esaplar menen dúziw áhmiyetli. Byudjet shólkemlerinde kommunal xızmetler (issiqlik energiyasi, ıssı hám suwıq suw, kanalizaciya), gaz hám elektr energiya sotıp alıw qarajetleri limitlerine qatań ámel etiw talap etiledi.

Bank sistemasında byudjet shólkemleriniń qarajetler smetası tastıyqlanǵanınan soń bir hápte ishinde kommunal xızmetleri kórsetiwshi, gaz, hám elektr energiyası kárxanaları menen shártnamalardı usı xvzmetlerge smetalarında kózde tutılǵan limitler sheńberinde dúziwdi támiynlew, esap-kitaplardı ayma-ay ámelge asırıp barıw, limitten artıqsha kórsetilgen xızmetlerge haqı tólemew, mekemelerde usı qarajetlerge juwapker bolǵan isshiler buyrıq penen biriktiriledi.

Házirgi waqıtta byudjet mekemelerinde artıqsha qarjı sarplanıwın saplastırıw maqsetinde gaz, suwıq suw, ıssı suw, elektr energiya tarmaqları boyınsha qánigeler shártnama tuwrı dúziliwi hám byudjet qarjıların maqsetli isletiliwin qadaǵalap, qarjılardı únemlewi múmkin. Kommunal xızmetler boyınsha shártnamalar dúziliwi dáwirinde shártnamalardı sapalı hám tiykarlı dúziwdi támiynlew maqsetinde qániyge kadrlardı tartıw maqsetke muwapıq boladı [2].

Mámleketlik byudjet qarajetlerin finanslastırıw rejesin hám byudjet májbúriyatları limitin byudjet qarjıların bólistiriwshilerine hám byudjet qarjısın alıwshılarǵa mámleketlik byudjet qarajetleriniń ekonomikalıq, wazıypa jaǵınan, shólekmlestiriliw klassifikaciyası kórsetkishleri kórsetilgen halda, jetkeriwdi ámelge asırıw maqsetke muwapıq boladı.

Sondayaq, sociallıq-mádeniy ilajlarǵa ajıratılǵan byudjet qarjılarınan paydalanıw, baǵdarlama tiykarında anıq dizimli bolıwın, byudjetten qarjı alıwshılardı finanslastırıw mexanizimin

ápiwayılastırıw byudjet qarjılarınan paydalanıw esabın júrgiziwde kúshli finanslıq qadaǵalawın támiynlewdi talap etedi.

Keleshekte mámleketlik byudjet qarajetlerin basqarıwda qarjılardı maqsetli bólistiriw, únemlilik rejimine qatań ámel qılıw, mámleket finans-byudjet, shtat-smeta tártibine ámel qılıw kúsheytiliwi kerek. Belgilengen usı maqset hám wazıypalardı ámelge asırıwda qaznashılıq sistemasındaǵı finanslıq qadaǵalaw arqalı unamlı nátiyjelerge erisiw múmkin.

Byudjet qarjılarınan paydalanıw ústinen byudjet qadaǵalawın kúsheytiw, byudjet tártibin bekkemlew hám onı jetilistiriw jolların belgilewde ámelge asırılǵan analiz nátiyjelerine tayanıw menen birgelikte usı mashqalalarǵa salıstırmalı shet el mámleketleriniń tájiriybeleri de úlken áhmiyetke iye. Usı múnásibet penen kórsetiw lazım, sońǵı jıllarda ekonomikası rawajlanǵan mámleketlerde nátiyjelilik qadaǵalawı dep atalıwshı qadaǵalaw túri keń qollanılmaqta. Bunda dástúriy qadaǵalaw usılları dástúrli bahalaw, sońǵı nátiyjege keltirilgenligi, mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq siyasatına muwapıqlıǵı kibi jańa qurallar menen toltırılmaqta [3].

Pikirimizshe, byudjet qarjılarınan paydalanıw ústinen qadaǵalawdı kúsheytiw, byudjet tártibin jánede bekkemlew hám onı dáwir talaplarına maslastırıp jetilistiriw ushın, eń dáslep, tómendegilerdiń ámelge asırılıwın maqsetke muwapıq, dep esaplaymız:

- mámleket siyasatına sáykes ráwishte finanslıq qadaǵalaw hám onıń strukturalıq bólimi bolǵan byudjet qadaǵalawı sistemasın reformalawdıń anıq maqsetlerin qáliplestiriw;

- qoyılǵan maqsetlerge erisiw ushın finans hám byudjet qadaǵalawı tarawındaǵı tiykarǵı wazıypalardı anıqlaw;

- ulıwma finanslıq (byudjet) qadaǵalaw sistemasında qadaǵalaw-reviziyalaw jumısların alıp barıwshı organlardıń nátiyjeli xızmetin támiynlewshi shólkemlestiriw dúzilmeni islep shıǵıw;

- finanslıq qadaǵalaw shólkemleriniń byudjet qarajetlerin optimallastırıwǵa qaratılǵan joqarı nátiyjeli xızmetin shólkemlestiriw;

- finanslıq qadaǵalaw tarawında ámelge asırılıwı lazım bolǵan ilimiy-izertlew isleri kólemin keńeytiw hám tereńlestiriw;

- bul sistemanıń barlıq strukturalıq elementleri baǵdarları hám ózara tásirleri mexanizimin ámelde ornatıw.

Respublikamız aldında byudjetten qarjı alıwshı byudjet mekemeleriniń óz waqtında byudjet qarjıları menen támiynlew, byudjet qarjılarınan maqsetli hám nátiyjeli, muwapıq hám tejemli paydalanıw maqset etip qoyılǵan eken, byudjetten finanslastırılatuǵın mekemelerge byudjet qarjılarınıń óz waqtında múddetinen keshikpesten jetip barıwı házirgi kúnniń tiykarǵı talaplarınan biri bolmaqta. Búgingi kúndegi byudjet qarjıların sarplawdaǵı aktual máselelerden biri sistemalar basqarmalardıń byudjet qarjıların oraylastırıp, olardı bir tárepke baǵdarlawdaǵı mashqalalar bolıp, bul mashqalanı sheshiw byudjet qarjıların oraylastırıw O'zbekstan Respublikası Finans ministrligi yaki onıń aymaqlıq shólkemleri razılıǵı menen ámelge asırıwdı, ulıwma byudjet qarjılarınan muwapıq, nátiyjeli paydalanıw hám bul arqalı aymaqlıq finans shólkemleri abıroyın asırıw, bizińshe, maqsetke muwapıq esaplanadı.

Usı múnásibet penen aytıp ótiw orınlı, byudjet qarjıların oraylastırıwdı tek ǵana O'zbekstan Respublikası Finans ministrliginiń ruxsatı menen ámelge asırılıwı byudjet qarjıları esabınan ayırım lawazımlı shaxslar tárepinen jumıs orınların dábdebeli jihazlawǵa, tanıs-bilislik arqalı jaman jollar menen dáramat alıwshı firma yaki kishi kárxanalarǵa byudjet qarjıların ótkerip, ózlestiriwge shek qoyadı.

Byudjet qarjılarınan paydalanıw ústinen byudjet qadaǵalawın kúsheytiw, byudjet tártibin bekkemlew hám onı jetilistiriw jollarınan biri byudjet mekemeleri bas esapshılarınıń joqarı sistemaları arqalı tayarlanıwı hám jumıstan bosatılıwı menen baylanıslı. Sebebi túrli sebepler menen attestaciyadan ótpegen yaki byudjet tarawında is stajına iye bolmaǵan bas esapshılardıń byudjet sistemasında islewi byudjet qarjılarınan nızamsız paydalanıw yaki byudjet tártibiniń buzılıw halların kóbirek payda etiwge alıp kelmekte [4].

Joqarıdaǵı qáte hám kemshiliklerdiń aldın alıw maqsetinde, biziń pikirimizshe, O'zbekstan Respublikası Finans ministrliginiń Mámleket finanslıq qadaǵalawı aymaqlıq basqarmaları hámde oblast hákimlikleri finans basqarmaları tárepinen barlıq byudjet mekemeleri esapshıları iyelep turǵan wazıypasına ılayıqlıǵı boyınsha hár finanslıq jıldıń 15 yanvarına shekem attestaciyadan ótkeriliwi lazım. Usı waqıtqa shekem nızamda belgilenbegen úzirli sebepler menen attestaciyadan ótpegen shaxs bas esapshılıq wazıypasınan waqıtsha shetlestiriliwi lazım. Sondayaq, aymaqlıq finans bólimleri bas esapshılarınıń da byudjet qarjılarınıń maqsetli paydalanılıwı boyınsha juwapkershiligin asırıw kerek. Sebebi hazirgi waqıtta nızamsız qarajet qılınǵan byudjet qarjıları

boyınsha tek ǵana finans bólimleri baslıqları hám byudjet inspekciyasınıń baslıqları juwap bermekte. Barlıq finanslastırıwda bas esapshı tuwrıdan tuwrı qatnasadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. «Uzbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish buyicha Harakatlar strategiyasi tug'risida»gi Uzbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 7 fevraldagi PF-4947-sonli Farmoni.
2. Malikov T.S. Moliya. Uquv qullanma. – T.: — «İqtisod-moliya», 2018 y.
3. Халмуратов, К. П. (2022). АНАЛИЗ ДИНАМИКИ ИНФЛЯЦИИ В РЕСПУБЛИКИ УЗБЕКИСТАН. IJODKOR O'QITUVCHI, 2(22), 62-64.
4. Xalmuratov, K., & Kamalov, U. B. (2023). MÁMLEKET BYUDJETI QARJILARINAN NÁTIYJELI PAYDALANIWDI TÁMIYNLEW JOLLARI. Educational Research in Universal Sciences, 2(5), 180-184.